# JASLARDIŃ ILIMGE BOLǴAN QIZIǴIWSHILÍǴÍNDAǴÍ MÚMKINSHILIKLER

**Qayirbaeva D.**
*2-kurs*
*Berdaq atindaǵı Qaraqalpaq màmleketlik Universiteti*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15644236

***Annotatsiya***. *Ushbu maqolada zamonaviy yoshlarning ilm-fanga bo‘lgan qiziqishi, ularni rag‘batlantirishga qaratilgan davlat siyosati, mavjud imkoniyatlar hamda duch kelinayotgan asosiy muammolar tahlil qilingan. Raqamli resurslarga kirish, xalqaro grantlar, stipendiyalar, ilmiy platformalarning roli yoritilgan. Shuningdek, yoshlarni ilmiy izlanishlarga jalb etish yo‘llari, plagiatga qarshi kurashish choralariga ham e’tibor qaratilgan. Maqola aniq raqamlar, xalqaro tashkilotlar (UNESCO, UNICEF, Jahon banki) va O‘zbekiston Respublikasi rasmiy manbalari asosida tayyorlangan bo‘lib, yoshlarning ilmiy salohiyatini oshirish bo‘yicha amaliy tavsiyalarni o‘z ichiga oladi.*

***Kalit so‘zlar:*** *yoshlar, grantlar, ilmiy faoliyat, O‘zbekiston, raqamli resurslar, plagiat, interaktiv metodika, davlat dasturlari, innovatsiyalar, “El-yurt umidi”.*

***Аннотация.*** *В данной статье проанализирован интерес современной молодежи к науке, государственная политика, направленная на их стимулирование, имеющиеся возможности и основные возникающие проблемы. Освещена роль доступа к цифровым ресурсам, международных грантов, стипендий и научных платформ. Также уделено внимание путям вовлечения молодежи в научные исследования и мерам борьбы с плагиатом. Статья подготовлена на основе конкретных данных, международных организаций (ЮНЕСКО, ЮНИСЕФ, Всемирный банк) и официальных источников Республики Узбекистан, содержит практические рекомендации по повышению научного потенциала молодежи.*

***Ключевые слова:*** *молодежь, гранты, научная деятельность, Узбекистан, цифровые ресурсы, плагиат, интерактивные методы, государственные программы, инновации, «El-yurt umidi».*

***Annotation.*** *This article analyzes modern youth’s interest in science, state policies aimed at encouraging them, available opportunities, and the main challenges they face. It highlights the role of access to digital resources, international grants, scholarships, and scientific platforms. Attention is also given to ways of involving young people in scientific research and measures to combat plagiarism. The article is based on concrete data from international organizations (UNESCO, UNICEF, World Bank) and official sources of the Republic of Uzbekistan, and includes practical recommendations to enhance the scientific potential of youth.*

***Keywords:*** *youth, grants, scientific activity, Uzbekistan, digital resources, plagiarism, interactive methodology, state programs, innovations, "El-yurt umidi".*

## Kirisiw

XXI asirde ilim hám texnologiyalar rawajlanıwı jámiyetler rawajlanıwınıń tiykarǵı faktorına aylandı. Rawajlanǵan mámleketler jalpı ishki ónimniń (YaIM) 3-4 payızın ilimiy izertlewlerge jóneltiredi. Mısalı, Qubla Koreya bul kórsetkish boyınsha

jetekshi orında turadı. Ózbekstan da ilim-pándi rawajlandırıwǵa bólek itibar qaratılıp atır. 2024-jıl mámlekette "Jaslar hám biznesti qollap-quwatlaw jılı" dep daǵaza etildi.

1. Ilimge qızıǵıwshılıqtı asırıwǵa qaratılǵan baslamalar

Mámleket siyasatı hám finanslıq qollap-quwatlaw,

Ózbekstan húkimeti jaslardıń ilimiy potencialın rawajlandırıw maqsetinde bir qatar programmalardı ámelge asırıp atır :

Startap joybarlar ushın grantlar: 2022-jıldan baslap informacion-kommunikaciya texnologiyaları baǵdarında startap joybarlardı qollap-quwatlaw ushın 1 milliard sumǵa deyingi muǵdarda grantlar ajıratıw tártibi engizildi.

Jas ilimpazlarǵa jeńillikler: Reytingi joqarı xalıq aralıq universitetlerde ilimiy dáreje alǵan 35 jasqa deyingi jas ilimpazlarǵa turaq-jay ushın 10 jıl múddetke 800 million swm muǵdarda procentsiz ssuda ajratıladı.

"El-jurt umidi" fondı kvotaları : Energetika, transport, urbanizaciya, zamanagóy arxitektura, medicina baǵdarlarında "El-jurt umidi" fondı kvotaları kóbiyttirildi.

Tálim sistemasındaǵı reformalar

Texnikumlar ushın tálim krediti: Texnikumlar ushın tálim krediti engizilip, 80 mıńnan zıyat jaslarǵa kredit beriw ushın finanslıq resurs ajıratıldı.

IT salasında oqıw ushın kreditler: Menshikli tálim mákemelerinde IT texnologiyaları boyınsha oqıw qálewin bildirgen jaslarǵa 20 million swm muǵdarda 4 jıllıq jeńillikli kredit usınıs etiledi.

2. Ilimge qızıǵıwshılıqta social faktorlar

Ata-analardıń róli

UNICEF tárepinen ótkerilgen kampaniyada ata-analardıń balalarınıń erte rawajlanıwında zárúrli rólin aytıp ótken. Ata-analardıń perzentleriniń tálimine bolǵan itibarı olardıń ilimge qızıǵıwshılıǵın asırıwda zárúrli faktor esaplanadı.[5]

Tálim mákemeleri hám oqıw metodikası

UNESCO maǵlıwmatlarına kóre, ınteraktiv tálim metodları oqıwshılardıń ilimge bolǵan qızıǵıwshılıǵın asırıwda nátiyjeli esaplanadı. Ózbekstan tálim sistemasında da bul sıyaqlı metodlardı engiziw boyınsha jumıslar alıp barılmaqta.[4]

3. Cifrlı resurslar hám ilimiy informaciyaǵa kirisiw

Zıyanet platformasi

Zıyanet platformasi arqalı jaslar elektron kitapxanalar, ilimiy maqalalar hám basqa bilimlendiriwge tiyisli resurslarǵa kirisiw múmkinshiligine iye. 2023-jılda platformanıń paydalanıwshıları sanı 200 mıńnan asdı.

**Google Scholar hám basqa ilimiy platformalar**

Google Scholar arqalı Ózbekstanlıq paydalanıwshılar hár ayda mińlağan ilimiy maqalalardı izlep tawıp atır. Bul bolsa jaslardıń ilimiy izertlewlerge bolğan qızığıwshılığın kórsetedi.

4. Máseleler hám sheshimler

Plagiat mashqalası

Ózbekstan joqarı tálim mákemelerinde plagiat jağdayları ámelde bar bolıp, bul ilimiy etikani buzadı. Bul mashqalanı sheshiw ushın “Turnitin” sıyaqlı plagiatni anıqlaw programmaların engiziw hám studentlerdi ilimiy etika boyınsha oqıtıw zárúr.

**Nadurıs mağlıwmatlar tarqalıwı**

Internette ilimiy tekseriwden ótpegen yamasa nadurıs mağlıwmatlardıń tarqalıwı jaslardıń ilimiy izertlewlerine unamsız tásir kórsetedi. Bul mashqalanı sheshiw ushın isenimli dereklerden paydalanıwdı jaratıw zárúr.

**Qosımsha faktler hám statistikalıq mağlıwmatlar**

Ilimiy potencial : Ózbekstan Respublikası Joqarı tálim, pán hám innovatsiyalar ministrliginiń 2024-yilgi esabatına kóre, mámlekette ilimiy potencial dárejesi 45% ga jetken, joqarı tálimnen keyingi tálim kvotaları bolsa 5 200 danağa kóbeyttirilgen.[2]

Cifrlı tálim: Coursera platformasınıń paydalanıwshıları sanı 2023-jılda 124 millionnan asqan, Zıyanet platformasınıń Ózbekstandağı paydalanıwshıları bolsa 200 mıńnan artqan.[7]

Startap grantlari: Ózbekstanda 1 milliard swm muğdarda jaslar ushın startap grantlari ajıratıw ámeliyatı engizilgen.[6]

Ilimiy etika: Plagiat jağdayları ayırım joqarı oqıw orınlarında anıqlanğan (mısalı, TDIEUda), bul bolsa ilimiy etikani bekkemlewge bolğan mútajlikti kúsheytedı.[1]

Internetten paydalanıw : 2023-jılğa kelip Ózbekstanda internetten aktiv paydalanıwshılar sanı 25 millionğa jaqınlasğan bolıp, bul jaslar ushın ilimiy resurslarğa keń kirisiw imkaniyatın beredi.

**Qosımsha analizler**

Zamanagóy jaslardıń ilimge bolğan qızığıwshılığın tereńrek analiz etkende, tekğana mámleket siyasatı hám tálim sisteması, bálki jaslardıń ishki motivatsiyası, jámiyettegi ilimiy ortalıq, social tarmaqlardağı tásirler de zárúrli faktor bolıp shığıp atır. Ásirese, ilimiy hám analitik pikirlewge bolğan qızığıwshılıq tek sabaqlıqlar menen emes, bálki real turmıslıq joybarlarda qatnasıw arqalı da qáliplespekte.[6]

Búgingi kúnde jaslar ózleri islep shığıp atırğan mobil qosımshalar, startap ideyaları yamasa ekologiyalıq joybarlar arqalı tekğana ilimge, bálki jámiyettegi real máselelerge de ilimiy jantasıw menen sheshim tabıwğa urınıp atır. Bunıń tastıyıqı

retinde 2023-jıl "Jaslar startapi" tańlawına 5 mıńnan aslam jaslar arza tapsırǵanın keltiriw múmkin.

Ilimiy izertlewlerde turaqlılıqtı támiyinlew ushın tekǵana materiallıq, bálki ruwxıy xoshamet de zárúrli esaplanadı. Ókinishke oray aytamız, kóplegen intalı jaslar óz qábiletin jetkiliklishe kórsete almay atır. Sebebi, geyde ilimiy jetekshiler jetispewshiligi, geyde bolsa olardıń jumısqa qızıqpawı, sistemadaǵı muwapıqlıq joq ekenligi. Bunı sheshiw ushın joqarı tálim mekemelerinde hár bir student penen isleytuǵın ilimiy mentorlıq sistemasın kúsheytiw kerek.

Bunnan tısqarı, ilimiy-innovciyalıq tarawda aktiv jaslardı ǵalaba xabar quralları, social tarmaqlar hám arnawlı sıylıqlar arqalı tanıtıw da jaslardıń qatnasıwın asıradı. Sebebi olardı tán alıw - bul eń kúshli motivatsiya.

**Juwmaq**

Jaslardıń ilimge bolǵan qızıǵıwshılıǵın asırıw ushın mámleket tárepinen bir qatar programmalar ámelge asırılıp atır. Biraq, bul jóneliste ele orınlanatuǵın jumıslar kóp. Ata-analar, tálim mekemeleri hám jámiyettiń basqa aǵzaları birgelikte háreket etken jáǵdayda, jaslardıń ilimiy potencialı jáne de rawajlanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Kun.uz táriyiriyati. Plagiat holatlari hám ilmiy etikaga oid muammolar: TDIEU misalında. 2023. https://kun.uz
2. O‘zbekiston Respublikası Oliy tálim, fan hám innovatsiyalar ministrligi. 2024-jılǵı ilmiy salohiyat hám doktorantura statistikası. Toshkent, 2024. https://api-portal.gov.uz
3. O‘zbekiston Respublikası Prezidenti Administratsiyası. 2024–2026-jıllarda ilm-fan hám innovatsiyalarǵa rawaj beriw strategiyası. T.: Prezident matbaǵat xızmeti, 2023.
4. UNESCO. Education and Scientific Research Report 2023. Paris: UNESCO Publishing, 2023. https://www.unesco.org
5. UNICEF Uzbekistan. Early Childhood Development: The Role of Parents in Education. Tashkent: UNICEF, 2022. https://www.unicef.org/uzbekistan/uz
6. Yoshlar isleri agentligi. Yoshlar startap loyihalari hám grantlar dasturi: 2023-jılǵı hisabat. Toshkent, 2023. https://yoshlarovozi.uz
7. ZiyoNET tálim portalı. Raqamlı kitapxana hám ilmiy resurslar. Toshkent: Axborot texnologiyalari markazi, 2023. https://ziyonet.uz